Deklarasyon Kandida pou Gouvènè New Jersey 2025
(pou pa dwe depase 500 mo)

Non Kandida a: Jack Ciattarelli

Deziyasyon Bilten Vòt/Pati: Repibliken

Politik: New Jersey bezwen yon chanjman reyèl - epi Mwen se sèl kandida ki gen yon plan reyèl pou fè li.

Granparan imigran m yo te vin abite New Jersey 100 an de sa epi yo te reyalize - ansanm ak paran pa m yo -Rèv Ameriken an. Nan fè sa, travay di yo ak sakrifis yo te sèvi kòm egzanp pou mwen menm ak frè ak sè m yo epi yo te ban nou yon levasyon klas mwayèn solid.

Mwen fyè dèske m te ede fè menm jan pou kat pitit adilt mwen yo, yo tout ap pwopere nan karyè reyisi pa yo - twa nan New Jersey ak youn k ap sèvi peyi nou an lòt bò dlo.

Malerezman,, opòtinite yo ke nou tout te genyen yo ap diparèt pou jenerasyon jodi' a ak nouvèl la.

New Jersey deplizanpli te vin pi pa abòdab mwens an sekirite, epi anba kontwòl politisyen ak moun ki gen enterè espesyal ki pa fè ka de sa ki enpòtan pou fanmi k ap travay yo, granmoun aje, jèn yo, ak antreprenè yo; ni yo pa fè ka de valè ak tradisyon ki enpòtan pou nou yo.

Apre 8 an Gouvènè Murphy ak 25 an kontwòl yon sèl pati Demokrat kontwole lejislati Eta a , Eta nou an an fayit. Advèsè mwen an - ki pa ni soti nan New Jersey ni pa konprann defi n ap konfwonte yo - pral kontinye ak politik rate sa yo ki pa reyisi epi mennen nou nan yon move direksyon. Nou tou senpleman pa ka pèmèt 4 lane ankò nan menm kondisyon yo.

Se poutèt sa, ak sipò w epi antanke gouvènè w, m pral:

Redui epi limite taks sou pwopriyeteyo pou fanmi k ap travay yo ak jèn mon yo ka gen posiblite pou yo achte yon kay, pandan yo ap pwolonje jèl taks sou pwopriyete pou granmoun aje yo.

Envesti nan gaz natirèl pwòp, nikleyè, ak solè, epi imedyatman diminye bòdwo elektrikmansyèl nou yo nan relouvri santral elektrik yo ke Gouvènè Murphy te fèmen, fini ak enèji van lanmè ak obligasyon pou machin elektrik yo, epi ekonomize plis pase $300 milyon dola bay kontribyab yo nan retire New Jersey nan Inisyativ RejyonalsouGaz ki lakòz efè tèmik (RGGI). M ap fè netwayaj tou nan Konsèy Sèvis Piblik la nan mande demisyon tout manm li yo.

Redui nan yon mannyè responsable gwosè ak depans gouvènmanetatik la, agresivman itilize plim veto sou liy bidjè pou elimine epi anpeche gaspiyaj

Deklarasyon Kandida pou Gouvènè New Jersey 2025

Jack Ciattarelli

Non Kandida a:

Redui Taks sou Antrepriz yo a youn pousan pa an pandan senk an, nan pran li soti nan to ki pi wo a nan peyi a pou rive nan yon to ki konpetititif nan tout peyi a; epi redui taks sou revni pou tout kontribyab yo, konsolide tranch taks yo, entèdi ogmantasyon taks sou travay renovasyon kay, epi fè taks sou prè etidyan dediktib.

Anfen,, epi sitou, pou fè New Jersey pi abòdab pou jèn yo,, M prall rann de premye ane yo nan mache travay la apre lekòl segondè ak kolèj san taks epi ranbouse diferans ant ekolaj nan Eta a ak ekolaj pou sa yo ki soti lòt Eta pou tout moun ki etidye isit epi ki abite epi ki travay nan Eta a pou yon minimòm twa zan apre gradyasyon.

Mwen ankouraje tout moun pou vizite sit entènèt mwen an nan www.Jack4NJ.com epi li plis enfòmasyon sou plan detaye mwen yo pou repare Eta nou tout renmen an. Se ta yon onè pou tout lavi pou m gouvènè nou, epi mwen espere jwenn sipò ak vòt nou.

5/9/2025

Dat:

Siyati Kandida:

Avi Non-Responsablite Nan Tradiksyon:

Lwa sou Rapò Kontribisyon ak Depans nan Kanpay New Jersey a, N.J.S.A. 19:44A-37, pèmèt kandida pou pòs Gouvènè yo fè yon deklarasyon, ki pa depase 500 mo, pou ede elektè Eta sa a fè pwòp chwa yo pami kandida yo. Komisyon pou fè Aplike Lwa Elektoral New Jersey (ELEC), atravè yon kontraktè, ap bay deklarasyon tradui ki anba yo pou ede w li sit entènèt li yo nan lòt lang ki pa angle Tout tradiksyon founi sèlman pou konvenyans epi li pa yon dokiman ofisyèl ELEC. Ni ELEC ni kontraktè li a pa fè okenn pwomès, asirans, oswa garanti sou presizyon tradiksyon oswa fyabilite yo, disponiblite yo, oswa kapasite yo pou satisfè bezwen espesifik ou yo ki gen rapò ak lang. Si ou apiye sou enfòmasyon tradui ki soti nan sit entènèt sa a, w ap fè li nan pwòp risk ou.

Pèsonèl, ajan, ak kontraktè ELEC yo pa responsab pou domaj oswa pèt kèlkeswa nati yo ki soti nan oswa nan koneksyon ak, itilizasyon ou fè nan deklarasyon tradui yo, ki enkli, men pa limite nan, domaj oswa pèt ki rive akòz konfyans ou nan presizyon yon tradiksyon, oswa domaj ki rive akoz gade, distribiye, oswa kopye yon tradiksyon.